Modern education and development ISSN: 3060-4567

# ÓSPIRIM JASINDAǴI BALALARDI KÁSIPKE BAǴDARLAWDA KLASSTAN TIS TÁRBIYALIQ ISLERDIŃ TUTQAN ORNI

***Genjebaeva Miywagúl***

*Ájiniyaz atındaǵı NMPI Magistratura bólimi "Pedagogika teoriyası hám tariyxı" qánigeligi 1-kurs magistrantı*

*Ilimiy basshı:* ***Saparbaev Tajibay***

*Pedagogika kafedrası professor w.w.a, p.i.k.*

***Tayanısh túsinikler:*** *Oqıwshılar, ata-analar, kásipke baǵdarlaw, muǵallimler, qızıǵıwshılıqlar, óspirim jası, kino filimler, soraw-juwaplar, ul qızlar, sayahatlar, ushrasıwlar, pikirlesiw, óndiris orınları, anketa sorawları.*

***Annotaciya:*** *Ilimiy maqalada óspirim jası balaların kásipke baǵdarlawdıń pedagogikalıq áhmiyeti,kásipke baǵdarlawdıń jolları keń sóz etilgen.Maqalada mektep pedagog xizmetkerlerine óspirim jası balaların kásipke baǵdarlaw jumısları boyınsha metodikalıq kórsetpeler,usınıslar berilgen.*

***Abstract:*** *The scientific article extensively discusses the pedagogical significance of career guidance for adolescent children and ways of career guidance. The article provides methodological guidelines and recommendations for school teachers on career guidance work for adolescent children.*

***Аннотация:*** *В научной статье подробно обсуждается педагогическое значение и пути профориентации детей-подростков. В статье даются методические указания и рекомендации педагогическим работникам школ по профориентации детей-подростков.*

Óspirim jasındaǵı oqıwshılarda kim bolsam eken,qaysı kásipti iyelesem eken degen sorawlar dógereginde oylanıw, pikirlew júzege keledi. Bunday jaǵdayda pedagoglar óspirimniń ata-anaları menen tıǵız baylanısta bolǵanı maqul boladı. Óspirim jasındaǵı oqıwshılar óz jas ózgesheliklerine sáykes túrde hár qıylı básekilesiw, pikirlesiw hám óz-ara sóylesiwlerge biyim bolıp esaplanadı. Sonıń

ushın da muǵallimler óspirim jası oqıwshıları menen kásiplik qızıǵıwlarına baylanıslı klastan tıs hár túrli temalarda tárbiyalıq islerdi shólkemlestirip barıwları tiyis:

- ashıq esikler kúni;
- miynet aldıngıları menen ushırasıwlar ótkeriw;
- hár túrli óndiris orınlarına ekskursiyalarǵa aparıw;
- kásip tańlaw boyınsha piki talasların ótkeriw;
- "Meniń súyikli kásibim" temasında erkin temada shıǵarma jumısı tańlawları hám basqa da ilajlar ótkerip barılǵanı maqsetke muwapıq boladı.

Sonday-aq, oqıtıwshılar óspirim jası oqıwshıları ata-anaları menen balalarınıń kásipke qızıǵıwshılıǵı baǵdarında soraw-juwaplar ótkerip barıwları óspirim jasındaǵı balalardı kásipke baǵdarlaw jumıslarınıń sapasın elede arttırıwǵa múmkinshilik beredi.Ayrım waqıtları ata-analar menen anketa túrindegi sorawlardı beriwi múmkin hám óz náwbetinde ata-analar sorawlarǵa óz imkaniyatlarınan kelip shıǵıp tómendegishe juwap beriwi múmkin:

1. Siziń ul, qızıńız qanday kásip iyesi bolıwǵa qızıǵadı?

2. Shańaraqta ul qızlarıńızdıń qızıqtıratuǵın kásibi, qánigelik baǵdarı boyınsha sáwbetlesesiz be?

3. Ul-qızlarıńızdıń sol kásipti tańlawına siz qarsılıq bildiresiz be?

4. Ul-qızlarıńızdıń keleshekte iyeleytuǵın kásibi ushın qosımsha metodikalıq ádebiyatlar menen táminleysizbe ?

5. Perzentimizdiń kásip tańlawı ushın belgili sharayatlar, qolaylıqlar jaratıp berip atırsızba ?

Jas óspirim jasındaǵı oqıwshılardıń belgili kásipti yamasa ilim tiykarların ielew processinde turmıs tájiriybesiniń bayıwı hám oy-pikiriniń keńeyiwi menen birge jas óspirimlerdiń qızıǵıwshılıqları, ásirese biliw xarakterindegi qızıǵıwshılıqları qáliplesip hám rawajlanıp baradı. Biliwge háwes etiw óspirimler minez-qulqı ushın xarakterli nárseler bolıp esaplanadı. Bul dáwirde bir qansha qızıǵıwshılıqtıń bolıwı, olardıń tez hám orınsız almasıwı ústirtin qızıǵıwshılıqtı

qanaatlandırıwǵa, turmıstıń hár qıylı tarawlarına jeńil, áhmiyetsiz múnásibetke qáliplestiriwge alıp keledi. Sonlıqtan da oqıwshılardaǵı óspirimlik bir neshe baǵdardan qızıǵıwshılıqlardı irke alatuǵın, onı durıs baǵdarlay alatuǵın oqıtıwshılar tájiriybesinen kelip shıǵatuǵın bolsaq, bular oǵada durıs is dep esaplaymız. Biraq ayırım jaǵdaylarda óspirim usınday jol menen  kóbinese túsinbey turmıstıń tiykarǵı baǵdarlanǵanlıǵı sıpatında tiykarǵı oraylıq qızıǵıwshılıqtı hám túrli tarawlarda ózin sınap kóretuǵınlıǵın da ushıratıwǵa boladı. Jas óspirim jasındaǵı oqıwshılardıń kásipke qızıǵıwshılıǵın durıs baǵdarlaw ushın mektep hám mektepten tısqarı bilimlendiriw mákemelerindegi dógereklerde oqıw, tárbiya jumısına tásirindegi qızıǵıwshılıqlarǵa baylanıslı uqıplıqlar jas óspirimlerde qáliplesip, anıq kórine baslaydı. Mısalı:Súwretlew ónerine, ádebiy-dóretiwshilik uqıplıqlar qáliplese baslaydı. Sonday-aq, matematikanı sistemalı hám jalıqpay úyreniw, matematikalıq uqıplılıqlardıń qáliplesiwine alıp keledi. Matematika hám fizikanı úyreniw tiykarında er balalarda texnikaga bolgan qızıgıwshılıq hám qábiletlerdiń rawajlanıwı seziledi. Er balalardıń texnikalıq dóretiwshiligi kórgizbelerde avtomat basqarılatuǵın ásbaplardı ózi ózlestiriwge umtılıwın oqıwshılardıń durıs baǵdarınan da rawajlandırıp barılıwı zárúr. Bunda oqtıwshılardıń tiykarǵı wazıypaları támendegilerden ibarat:

-Óspirim jasındaǵı oqıwshılardaǵı uqıplılıq hám qábiletti, qızıǵıwshılıqtı múmkinshiligi bolǵanınsha rawajlandırıw,jetilistiriwden ibarat.

-Mekteplerde óspirim jası oqıwshılarında qızıǵıwshılıqtıń hám uqıplardıń jaqsı qáliplesiwi ushın jaǵdaylar jaratıp beriwleri kerek.Belgili kásipke baǵdarlaw ulıwma bilim beriwshi mekteplerde durıs shólkemlestiriliwi hám baǵdarlanıwı tiyis.Hár qıylı kásip-óner kolledjlerinde bilim alıwdıń óspirimler ushın ózine tán áhmiyetli tárepleri bar.

Óspirimlik jas - bul turmıstı, miynet etiwdi ózi belgileytuǵın dáwir bolıp esaplanadı. Mugallimler hám ata-analar kásipti duris tańlawda jas óspirim oqiwshilarǵa zárúrli pedagogikalıq hám metodikalıq járdem kórsetiwi kerek. Óspirim jasındaǵı oqıwshılardı kóbinese óz aldına miynet etip turmıs keshiriwge

úyretiw - bul arqalı olarda keleshekke, erteńgi kúnge bolǵan úmit, isenim, óz-ózine bolǵan juwapkershilik sezimlerin arttıradı.Óspirim jasındaǵı balalarda kásipke baǵdarlanıwdıń turaqsızlıqlarıda seziledi,sebebi bul dáwir olar ushın ótiw dáwiri bolıp esaplanadı.Bul dáwirde óspirimler bir neshe kásiplergede qızıǵıwları múmkin.Olardıń belgili bir kásipke bolǵan tiyanaqlı qızıǵıwshılıqları ádebiy kitaplardaǵı,kino filimlerdegi,obektiv turmıstaǵı miynet qaharmanlarınıń tásiri oǵada ullı.Sonlıqtan-da mekteplerde klastan hám mektepten tıs tárbiyalıq islerdi alıp barıwda miynet aldıngıları menen ushrasıwlar ótkeriwdiń áhmiyeti oǵada ullı.Ayrım mekteplerde ódiris orınlarına sayahatlarǵa aparıwdı ózleriniń klasstan tıs tárbiyalıq isleriniń jobalarına kirgizgenligin kórip unamlı pikirlerdi payda etedi.Juwmaqlap aytqanımızda kásipke baǵdarlaw jumısları kóbirek óspirim jası dáwirinde alıp barılǵanı maqsetke muwapıq boladı dep oylaymız.

**PAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. Ш.М.Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. - Т.: “ Ўзбекистон”, 2016.

2. Ш.М.Мирзиёев Танқидий таҳлил, қатъий тартиб - интизом ва шахсий жавобгарлик – ҳар бир раҳбар фаолиятини кундалик қоидаси бўлиши керак. - Т.:” Ўзбекистон”, 2017.

3. A.Q.Munavvarovning umumiy tahriri ostida. Pedagogika. T.: «O`qituvchi», 1996 .

4. R.Mavlanova va boshqalar. Pedagogika. T.: 2002.

5. Q.Qosnazarov. A.Pazılov, A.Tilegenov «Pedagogika» Nókis.: «Bilim» baspasi 2009.

6 T.Saparbaev “Pedagogikanıń pragmatik aspektleri ” Nókis “ PRINT DARHAN” 2025

7 T Saparbaev “Mektep dógerek jumıslarınıń pedagogikalıq áhmiyeti” Nókis “NMPI baspası” 2025

**Elektron ta’lim resurslari:**

1. www. tdpu. Uz

2. www. pedagog. Uz

3. www. Ziyonet. Uz